

## State Road (SR) 90/US 41/SW 8 Street from SW 65 Avenue to SW 27 Avenue Roadway Project

No. Identifikasyon pwojè a: 443919-2-52-01, 443918-3-52-01, 443917-2-52-01

### FDOT COMPASS

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan.

Men avantaj pwojè sa a:

#### KOMINOTE YO

- Ajoute sis kote pou pyeton travèse lari nan mitan blòk sou wout SW 8 Street pou pèmèt moun pase nan wout sa yo:
  - Ant SW 65 Avenue ak SW 64 Avenue
  - Ant SW 64 Avenue ak SW 63 Avenue
  - Ant SW 56 Avenue ak SW 55 Avenue
  - Ant SW 49 Avenue ak SW 48 Avenue
  - Ant SW 36 Avenue ak SW 35 Avenue
  - Ant SW 29 Avenue ak SW 27 Avenue
- Amelyore ranp pou pyeton, kèk twotwa ak kote ki detektab pou avèti moun

#### SEKIRITE

- Enstale bagay sa yo:
  - Sis kote pou pyeton travèse lari nan mitan blòk ak tout limyè siyal pou sa
  - Ranp pou pyeton, kote ki detektab pou avèti moun ak kloti pwoteksyon an metal sou arebò wout la
  - Ansèy, kote ki byen distenge pou moun travèse lari, ekipman pou detekte pyeton ak bouton pou yo peze
- Rebati twotwa ak ranp pou pyeton pase nan plizyè kote

#### REZILYANS

- Rezasfalte wout la epi retrase liy atè yo pou prezève wout la pou pi lontan
- Rebati twotwa yo ak ranp pou pyeton pase nan plizyè kote

#### CHÈN EKIPMAN

- Amelyore depasman pyeton nan plizyè kote pou moun travèse lari nan mitan blòk

#### TEKNOLOJI

- Enstale ekipman pou detekte pyeton ak bouton pou yo peze
- Enstale nouvo poto elektrik ak limyè (LED) nan plizyè kote

### TOUJOU KONSIDERE PWOTEKSYON MOUN AN PREMYE

Pou pwoteksyon w ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondui machin, lè w ap mache oswa lè w ap pase sou bekàn nan zòn konstriksyon yo. Pou dènye nouvèl sou sikilasyon an, al sou: [www.fl511.com](http://www.fl511.com).



### MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Liy trafik y ap fèmen tanporèman yo kab gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun antre soti nan kote ki sou bò kote y ap fè travay yo.

### KALANDRIYE

Out 2024 - prentan 2025

### PRI KONSTRIKSYON AN

2.8 Milyon dola

### KOTE YO PRAL FÈ PWOJÈ A

City of Miami  
City of West Miami  
City of Coral Gables  
Miami-Dade County

Avi: Sa posib yo kab chanje dat yo.

### ENFÒMASYON SOU LIY TRAFIK YO PRAL FÈMEN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Yo kab fèmen wout yo nan lè sa yo:

- 9:30 p.m. pou 5:30 a.m., Dimanch ak Jedi
- 11 p.m. pou 7 a.m., Vandredi ak Samdi

Y ap kite kote pou moun pase antre soti nan biznis yo epi lakay yo. Chak semenn y ap afiche wout y ap fèmen sou sitwèb biwo transpò a, [www.southflroads.com](http://www.southflroads.com).



### KONTAK

FDOT Consultant Community Outreach Specialist  
Jeff Baquedano | [Jeff.Baquedano@dot.state.fl.us](mailto:Jeff.Baquedano@dot.state.fl.us) | (786) 510-6113

### SUIV NOU



### SOUTHFLROADS.COM

Eskane Kòd QR sa a pou dènye nouvèl sou pwojè a.

